


Mama Pikin Mental Health dey important



2 for inside 10 mama pikin dey get mental health wahala for the time dem carry belle and the year after dem don born di pikin



Pipu no dey know say more than 75% of women wey dey born dey get dis wahala and so dem no dey collect treatment or even support for the time wey the thing dey worry dem.



Where proper treatment for dis sickness no dey, na heavy gbege on the mama, the pikin, the family, the society and everybody in particular

Why we need to declare world mama pikin Mental Health Day?



- To make pipu sabi more about this palaba
- To fight against the bad thing we pipo think sey dey behind this palaba
- To make us sabi quick quick when the palaba dey and to also give the correct medicine too
- Make we for fit plan and budget more moni and things to take care of mama and pikin mental health

Act oooo!

Make una join us campaign and yarn others ooo!

#maternalMHmatters
wmmhday.postpartum.net



Make we declare the first Wednesday of May every year as Mama Pikin **Mental Health Day** ooo.

The mental health of mama pikin
na very important thing oooo